Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA DISPONIB POU SIPÒTE ACHA AK PREPARASYON MANJE NOUYÒK NAN LEKÒL NOUYÒK YO

Finansman disponib pou aplikan ki kalifye nan rejyon Kapital la, Southern Tier, Mohawk Valley ak Finger Lakes atravè 4è faz Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la

Pwogram nan bay 50 milyon dola sou senk ane pou sipòte preparasyon manje ki fre, ki prepare ak engredyan orijinal pou elèv yo pandan l ap ede kiltivatè Nouyòk yo

Baze sou priyorite Gouvènè a pou pote manje Nouyòk bay elèv yo, konbat ensekirite alimantè ak ranfòse pwodiksyon manje lokal atravè eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 10 milyon dola disponib atravè 4èm faz Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal Nouyòk (Regional School Food Infrastructure, RSFI) Nouyòk la pou sipòte acha, preparasyon ak distribisyon plis manje nan Nouyòk pou elèv jadendanfan jiska 12è ane, tout pandan y ap bay yon kiltivatè Nouyòk yo yon bourad. Pwogram RSFI a, ki te anonse pou premye fwa nan Diskou Eta Leta 2023 Gouvènè a, jiskaprezan bay 30 milyon dola bay òganizasyon nan sis rejyon pou fasilite pwosesis ak preparasyon manje fre ak nourisan sou plas epi ogmante itilizasyon plis pwodui alimantè lokal Nouyòk ki bon pou sante nan lekòl yo atravè eta a. Faz 4 la ouvè pou antite nan Rejyon Kapital la, Southern Tier, Mohawk Valley, ak Rejyon Finger Lakes yo. Pwogram RSFI a se jis yon egzanp nan plizyè fason Eta Nouyòk bay priyorite ak pwogram ki soti nan fèm pou rive nan lekòl, pandan l ap travay pou diminye ensekirite alimantè, ranfòse rezistans sistèm alimantè nou an, epi sipòte kiltivatè yo. Pwogram sa konplete Pwogram Manje Lekòl Inivèsèl (Universal School Meals Program) Gouvènè Hochul la, ki asire ke chak elèv nan Eta Nouyòk gen aksè a yon bon dejene ak manje midi nan lekòl la, sa ki kreye plis opòtinite pou elèv yo reyisi nan lekòl la.

"Mwen fyè pou m di ke isit la nan Eta Nouyòk, nou deja asire ke timoun nou yo gen aksè ak dejene ak dine gratis, epi nou kontinye fè li yon priyorite pou repa sa yo soti nan men kiltivatè lokal nou yo pi plis toujou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram RSFI a se yon gwo pati nan travay sa a, li bay finansman patnè nou yo bezwen pou prepare epi kwit manje nourisan pou timoun nou yo lè yo sèvi avèk engredyan fre ki grandi ak pwodui nan Nouyòk. Rezilta a se manje ki gen gou manje ki fèt lakay epi ki

bon anpil, manje timoun yo anvi manje, ki ba yo enèji epi kenbe yo pare pou aprann, epi lè nou achte li lokalman, n ap bay plis opòtinite mache pou kiltivatè Nouyòk yo tou."

Pwogram Sibvansyon RSFI a, ke Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta Nouyòk la administre, ap bay lekòl Nouyòk yo resous yo bezwen pou prepare manje fre, nourisan, ki fèt pou elèv yo apati engredyan orijinal yo. Finansman nan pwogram nan ale nan devlopman enstalasyon ki pèmèt òganizasyon yo rasanble, estoke, trete, epi prepare pwodwi agrikòl yo sou plas. Pwogram nan ankouraje devlopman mendèv la tou lè li bay fòmasyon pou lekòl, kominote ak elèv yo nan gastwonomi, transfòmasyon manje, manipilasyon ak estokaj manje san danje, lojistik, livrezon, ak plis ankò, ki baze sou bezwen kominote a.

Enfòmasyon Siplemantè sou Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposal, RFP)
Pwopozisyon pwojè yo ta dwe konsantre rejyonalman sou amelyore preparasyon manje pou timoun lekòl K-12, diminye ensekirite alimantè, ogmante opòtinite mache pou pwodiktè Eta Nouyòk, ak ranfòse rezistans nan sistèm alimantè eta nou an. Pwogram nan mande pou etablisman ki finanse yo sèvi plizyè distri lekòl epi sipòte kominote lokal pa yo, ki gen ladan l lè yo bay opòtinite devlopman mendèv. Lajan sibvansyon yo disponib pou depans pwojè kapital yo pou sipòte preparasyon ak distribisyon repa fre pou enfrastrikti lekòl rejyonal yo, tankou agregasyon, sant estokaj ak/oswa kwizin nan estil komisarya. Aplikan ki elijib yo enkli òganizasyon san bi likratif, minisipalite lokal yo, distri lekòl yo ak Konsèy Sèvis Edikasyon Koperativ (Boards of Cooperative Education Services, BOCES).

Yo pral bay finansman an pou chak rejyon nan eta a pandan yon peryòd senk ane, epi yo pral bay 5 milyon dola chak ane pou de rejyon diferan an menm tan. Premye faz finansman te ale nan pwojè nan Lwès Nouyòk ak North Country yo, epi dezyèm faz finansman an te ale nan pwojè sou Long Island ak Sant Nouyòk yo. Vil Nouyòk ak Mid-Hudson te resevwa finansman nan twazyèm faz pwogram nan. De lòt rejyon pral resevwa 5 milyon dola nan katriyèm faz sa a, epi yon lòt faz apre sa, jiskaske tout rejyon yo resevwa sibvansyon an.

Pwopozisyon pou Faz 4 yo dwe soumèt jiska 22 janvye 2027 nan 3:00 p.m. Plis enfòmasyon sou pwogram lan, elijibilite pou pwojè a ak kijan pou aplike disponib isit la.

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk Richard A. Ball te deklare, "Gras ak Gouvènè nou an, pwogrè ki deja fèt atravè pwogram RSFI a enkwayab. Sis nan rejyon nou yo atravè Eta a ap travay aktivman sou pwojè ki asire ke lekòl nou yo gen ekipman yo bezwen pou yo kwit manje depi zewo epi itilize engredyan ki fèt pa kiltivatè ak pwodiktè nou yo. Avèk pwochen faz finansman sa a ki disponib, nou ka rive jwenn plis elèv toujou epi bay plis opòtinite pou kiltivatè nou yo fè pwodui alimantè lokal yo rive dirèkteman nan kominote nou yo epi sipòte sistèm alimantè lokal nou an."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Elèv nou yo merite manje repa lekòl ki an sante, ki fèt ak manje fre ke kiltivatè Nouyòk yo plante. Ni pwogram Manje Lekòl

Inivèsèl yo ni pwogram soti nan jaden pou ale nan lekòl la ede fè sa posib, men lekòl nou yo bezwen enfrastrikti pou kwit, estoke epi sèvi manje nourisan sa a. Pwogram sibvansyon sa a enpòtan anpil pou bay finansman kapital lekòl yo bezwen pou mete an plas enfrastrikti sa a - e, kidonk, sa ede kiltivatè nou yo jwenn mache fyab nan eta a pou pwodwi ki gen kalite siperyè pa yo. Mwen fyè pou m defann pwogram sa a, epi mwen ankouraje tout lekòl ki kalifye yo pou yo aplike."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la fè envestisman entelijan ki benefisye lekòl, elèv ak kiltivatè yo nan Nouyòk. Bay enfrastrikti ki nesesè pou prepare manje fre ki pwodui lokalman kreye nouvo mache pou kiltivatè yo tout pandan y ap bay elèv yo repa nourisan. Mwen kontan wè pwogram sa a kontinye elaji nan plis rejyon, tankou Southern Tier la, epi mwen pa ka tann pou m wè plis lekòl ak kominote pwospere grasa envestisman sa yo."

Anplis Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la, Gouvènè Hochul kontinye priyorize ogmantasyon aksè ak manje pou tout Nouyòkè yo, avèk Depatman Agrikilti ak Mache yo k ap aplike yon seri pwogram pou konstwi yon sistèm alimantè ki pi rezistan epi asire ke kiltivatè yo ka konekte ak nouvo mache lokal yo.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk kontinye sipòte Pwogram Nouri Nouyòk (Nourish New York) la, Inisyativ 30 Pousan Eta Nouyòk (30% New York State Initiative for school meals) la pou repa lekòl, pwogram Soti nan Fèm rive Lekòl (Farm-to-School) la, inisyativ FreshConnect Fresh2You, Pwogram Sibvansyon Ekspansyon Aksè nan Manje (Food Access Expansion), Pwogram Nitrisyon Farmers' Market, Pwogram Sibvansyon Fèm Iben ak Jaden Kominotè (Urban Farms ak Community Gardens) ak plis ankò. Envestisman sa yo chita sou angajman Gouvènè a pou ogmante demann pou pwodwi agrikòl Nouyòk yo, ranfòse chèn apwovizyònman manje Nouyòk, epi asire tout Nouyòkè yo kapab jwenn aksè nan manje fre ak lokal yo. Sa enkli Dekrè Egzekitif 32 Gouvènè a ki mande ajans Eta yo pou ogmante pousantaj manje ki soti kay kiltivatè ak pwodiktè Nouyòk yo a 30 pousan nan acha total yo sou senk ane. Gouvènè a angaje tou 25 milyon dola pou Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlopman New York State Grown & Certified pou ede pwodiktè manje (New York State Grown & Certified Infrastructure, Technology, Research and Development Grant Program), transfòmatè, distribitè, ak lòt moun k ap itilize engredyan ki soti Nouyòk pou mete sou mache pwodwi inovatè ki sètifye kòm New York State Grown & Certified.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.